**SUMMARY**

This article is devoted to using interactive methods and modern technologies in teaching reading and analysis of the literary text in the Uzbek language.

# РУЎХЫЙ ЖЕТИКЛИК ҲӘМ ОҒАН ЕРИСИЎ ЖОЛЛАРЫ

**М.Сейтов** – *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** инсон, оила, жамият, маънавийлик, адолат, тарбия, фалсафа, адоб-ахлоқ, баркамол шахс.

**Ключевые слова:** человек, семья, общество, духовность, справедливость, воспитание, философия, нравственность, зрелая личность.

**Key words:** man, family, society, spirituality, justice, education, philosophy, morality, mature personality.

Ҳәр ким бул дүньяны өзлери ғана көре алады. Яғный, өзиниң ишки дүньясының тәлийматы менен түсине алады. Тәлиймат дегенде, оның алған билими, тәрбиясы десек болады. Адам баласы тәрбияны ең дәслеп шаңарақтан, сол шаңарағындағы ата-анасы, жасы үлкенлерден алады. Солар қандай тәрбия берсе, солай қәлиплесип бара береди. Жақсы, ибратлы тәрбия алса, онда ол, ишки дүньясы кеңейип, еле де жақсылар қатарына кирип бара береди. Ер жете келе абырайлы, әдеп-икрамлы, искер азамат болып жетилиседи. Оны халық тыңлайды ҳәм әлбетте оны ҳүрмет етеди. Ал, керисинше болса ше? Яғный шаңарақта жасы үлкен, ата-аналарының өзлериниң тәрбиясы сайыз болса онда не? Онда перзент барқулла тосықларға дуўшар болады. Ол өзиниң келте ойлығы менен дүньяны көре алады ҳәм тар пикири менен пикирлейди. Және, өзлери сүрнигип, жығылатуғын ўақыяларда да басқаларды айыплайды. Оның сол сүрнигип, жығылыўына ҳеш ким айыплы болмаса да, буны түсингиси келмейди, түсинип билмейди де. Солай етип, биреўлер ҳаққында жаман пикирлер айтады ҳәм өзлерин соның менен ақлайды. Бундай қубылыслар бәрқулла тәкирарланбақта ҳәм жәмийетте де ушыраспақта. Ҳәттеки, онлаған өмирди майырған жаўыз жынаятшыларда өзлериниң ислеген ислерин әжайып, салдамлы сөзлерди қолланып түсиндиреди, «бизлер айыплы емеспиз, олар өзлери айыплы» дейди олар. Көпшилик адамлар өзлериниң ерси ислериниң гүнә екенлигин ҳеш ўаққытта мойынлағысы келмейди. Ата-анадан қалатуғын уллы сыйлық – бул дурыс тәлим-тәрбия. Ата-ананың дәўлети, атақ-абырайы перзент ушын сыйлық емес. Соның ушын да перзент тәрбиясында руўхыйлық биринши фактор болып есапланады. Биз руўхыйлықтың инсан ҳәм миллет турмысындағы орнын анық билип алыў ҳәм сол тийкарда жәмийетти раўажландырыў ушын оның мазмунына дыққат қаратып, оны терең аңлап алыўымыз зәрүр. Адамның тек ғана илимий дүньясы емес, ал жәмийет ҳәм мәмлекет турмысы менен байланысын, жәмийетлик-сиясий искерлигинен баслап ҳәрекети менен умтылыўшылықларын өз ишине алатуғын руўхыйлық ҳаққында усы ўақытқа шекем, илим-пәнде терең ҳәм фундаменталь тийкарда илимий-изертлеў алып барылмаған. Әне, усы жағдайды терең аңлай билген Биринши Президентимиз И.Каримов ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап-ақ, руўхыйлықтың мазмунын, жәмийетимиз ушын әҳмийетин бизиң миллийлигимизге тән тәреплерин сўўлелендирип бар дыққат-итибарын қаратты. Әсиресе, оның «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» шығармасы оның көп жыллық бақлаўлары, ой-пикири, дүньяға деген көз-қарасы жәмленген болып, онда руўхыйлық тараўына байланыслы нызамлар, түсиниклер ҳәм принциплер бир система сыпатында талқыланған. Соның менен бирге, «Мәнаўият инсанның қанына, сүйегине жыллар даўамында ана сүти, шаңарақ тәрбиясы, ата-бабаларының нәсияты, Ўатан туйғысы бул турмыстың базы-базыда ашшы-душшы, гейде қуўанышлы сабақлары арқалы қатлам-қатлам болып сиңип барады. Әсиресе, тәбиятында (минезинде) адамларға жақынлық, бәрқулла жақсылықты ойлап жасаў, ҳадал мийнет етиў, дүньяның теңсиз инамлары, гөззаллықларынан заўық алып жасаў, руўхыятқа азық береди, оны және де күшейттиреди» дейди [1:28].

Руўхыйлықтың және бир принциплериниң бири – улыўма инсаныйлық қәдириятларға садықлық, әдалат пенен теңликте өз көринисине ийе болып, инсанның қәдир-қымбатын баҳалаўда әҳмийетли роль атқарады. Адам баласы әдалат ҳәм теңликке шаңарақта, мәҳәлледе, жәмийетшилик арасында, жумыс орнында, саўда-сатық арасында ҳәм басқа да қәлеген жерде руўхыйлыққа әмел етип келеди. Бул нәрсе әсиресе, басшы лаўазымдағылардың мийнеткешлерге, административлик ҳуқықый органлардың пуқараларға қатнасында анық көринеди. Әдалат ҳәм теңлик сыяқлы улыўма инсаныйлық қәдириятларды жәмийетте орнатыў, бәрқулла оған әмел етип жасаў, ғәрезсизлигимизди беккемлеўде оғада әҳмийетли болып, оның бузылыўы, оны менсинбеў жәмийетлик турмыста үлкен зыян келтиреди. Руўхыйлық - бул инсанды баслы барлық жәнлик-жәниўарлардан ажыратып туратуғын ең күшли фактор. Ол инсанның психологиялық ҳәм ақыл-дүньясының жыйынтығы сыяқлы қурамалы қубылысқа ийе болып, ол көбирек инсанның ишки дүньясы, кеўил сарайы менен байланыслы болып табылады [2:18].

Шығыста белгили Ибн Сино, Беруний,Фарабий,Наўайы сыяқлы данышпанлардың жетик инсанды тәрбиялаў ҳаққында пикирлери әҳмийетли. Фарабий әдепли жақсы минез-қулықлы инсан дегенде илим билимге умтылатуғын, ҳақыйқат ҳәм әдиллик ушын гүресетуғын, наҳақ сөзлердиң душпаны, өз пикиринде тура алатуғын адамларды айтады [2:137].

Уллы өзбек шайыры Наўайының дөретпесинде ҳәм өмир жолында жетикликтиң барлық қырлары өз сәўлелениўин тапқан. «Инсан қәлбиниң қуўаныш ҳәм қайғысын, жақсылық ҳәм өмир мазмунын терең сәўлелендирген Наўайыдай шайыр дүнья әдебияты тарийхында кемнен кем табылады. Ана тилине муҳаббат, оның теңи-тайы жоқ байлығы ҳәм уллылығын аңлаў сезими бизиң санамызға, жүрегимизге ең дәслеп Наўайы дөретпелери арқалы кирип келди» [1:47].

Қарақалпақ халқының уллы шайыры Әжинияз да жетик инсан ушын жарасықлы пазыйлетлер туўралы баҳалы пикирлер билдиреди:

«Өтирикти рас етип айтпаған»; « Сөйлегенде сөздиң парқын билмеген, Адам деген билан инсан болурмыў»; «Өзиң дана болдың ҳәм ақылың жетик». Ол жетик инсанның ең ағла пазыйлети сыпатында халыққа муҳаббаты, халық ушын мийнет етиўди атап көрсетеди [2:137].

Сонлықтан, мәмлекет тәғдири менен келешеги жетик инсанлар қолында. Өз елине, халқына, мәмлекетине садық пуқараларды, излениўши, дөретиўши инсанларды, руўхый ҳәм физикалық жақтан жетилискен адамларды тәрбиялаў улыўма халықлық, улыўма мәмлекетлик көлемдеги кешиктирип болмайтуғын ҳәзирде заманның ең тийкарғы ўазыйпаларының бирине айланбақта. Инсан руўхыйлығын жоқарылатпай турып, халқымыз турмысының раўажланыўында, мәмлекет цивилизациясының өсиўинде табысларға ерисиў қыйын. Руўхый тәрбия бул – жәмийет турмысының жүдә нәзик, әҳмийетли тараўларының бири. Бул тараўда көз-боямашылық, немқурайлық ҳәм басқа да

дәмегөйлик сыяқлы иллетлерге жол қойылса онда биз тек өзимизди ғана емес, өз перзентлеримизди, мәмлекетимизди ҳәм де ақыр-ақыбет келешегимизди зәҳәрлеген боламыз. Ал, зәҳәрлениўдиң изи жаман кризислерге алып келеди. Адамларда әсиресе, жасларда жаңа руўхыйлықтың қәлиплесиўи қурамалы ҳәм қыйын процесс болып есапланады. Оны әмелге асырыў ушын жудә кең көлемде мәдений, тарийхый, ағартыўшылық, тәрбиялық ислерин алып барыў зәрүр [2:132].

Бул жолда ҳәттеки ислам дининен де пайдаланыўымыз мүмкин. Дин әзел-әзелден-ақ руўхыйлықтың қурам бөлеги сыпатында адамзаттың жоқары идеялары ҳақ ҳәм ҳақыйқат, инсап, диянат ҳәм әдалат туўралы арзыў-әрманларын өзинде жыйнаған, оларды турақлы түрде қағыйдалар формасында беккемлеп киятырған идея ҳәм көзқараслардан ибарат бир система болып есапланады. Динлер әсиресе, ислам дини тәрбия қуралы, әдеп-икрамлылықтың тийкары, мәнәўият мектеби есапланады. Ол белгили қәдириятлар тийкарында халық ҳәм дүнья даналығынан дәрек алып пайда болған. Сонлықтан да оны, сондай-ақ басқа динлерде де ҳеш қашан бийкарлап болмайды. Ҳеш бир философия, идея ямаса идеология адамлардың кеўлиндеги қудайдың орнын оған тең келетуғын ҳақыйқатлықты бере алмайды. Ҳәттеки, ең әдалатлы нызамлар да инсан кеўлиндеги қудайға деген талапты қанаатландыра алмайды [2:81].

Әдеплилик адамның уллы баҳалықларға мияссар екенин, оған жетиўдиң жолларын изертлеп, инсанлардың әдеплиликти қәстерлеўи арқалы өзлериниң ишки сезимлерин оның булақларынан нәр алып, тәрбиялаўды нәзерде тутады [3:3].

Енди буннан шығып турған жуўмақ, руўхыйлығы жетик инсан жаўызлыққа ҳеш қашан бармайды. Ҳәттеки, әдепсизлик те етпейди дегени.Данышпан бабамыз Фарабий сөзи менен айтқанда «Халқы хош әдепке ийе болмаған мәмлекетте ҳәкимиятқа зәрүрлик сезиледи» [2:138].

Руўхыйлық бул инсанның ҳәр тәреплеме жетилисиўи, оның ақыл-парасатының күшейиўи, әдеп-икрамлылық категорияларын турмыстың ҳәр бир демлеринде жүзеге шығара алса ғана жәмийеттиң руўхый келбети ҳәм жетик шахстың жасаў тәризи жетилискен, еркинликлери шексиз болады.

**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият жеңилмес күш. –Тошкент: 2008.
2. Базарбаев Ж. Руўхыйлык тийкарлары. –Нөкис: 2009.
3 Базарбаев Ж. Әдеп философиясы. –Нөкис: 2010.

**РЕЗЮМЕ**

Маънавият- бу инсонни барча жонли жониворлардан ажратиб турадиган энг кучли омил. У инсоннинг ички дунёси, кўнгил қасри билан боғлик бўлиб, одоб-икромлилик категорияларини хаётнинг ҳар бир вазиятларида юзага чиқарса, унда унинг маънавийлиги намоён бўлади.

**РЕЗЮМЕ**

Духовность – это природа самого человека. Духовности - это и мышление, и сознание, и воля человека, это единый целостный фактор, который составляет особенность человека. Человек теснейшим образом связан с мирозданием. Духовность же есть то, что отсутствует в природе. Духовность открывает нам доступ к любви, совести, чувству долга, к правосознанию и государственности, к искусству, науке и религии, указывает, что является в жизни главным и наиболее ценным.

**SUMMARY**

Spirituality is the nature of a man himself. Spirituality is both thinking, and consciousness, and the will of man, this is a single integral factor, peculiar to a man. Man is intimately connected with the universe. Spirituality is what is absent in nature. Spirituality gives us access to love, conscience, a sense of duty, to justice and statehood, to art, science and religion, indicates what is the main and most valuable thing in life.

## ТЕХНОЛОГИЯ ЎҚИТУВЧИЛАРИНИ ТАЙЁРЛАШДА УЛАРНИНГ ХАЛҚ ҲУНАРМАНДЧИЛИГИ БЎЙИЧА КОМПЕТЕНЦИЯЛАРИНИ РИВОЖЛАНТИРИШ

**Ж.К.Тажиев -** *таянч докторант*

*Урганч давлат университети*

**Таянч сўзлар:** халқ ҳунармандчилиги, амалий санъат, бадиий лойиҳалаш, компетенция, технология.
**Ключевые слова:** народный промысел, прикладное искусство, художественное проектирование, компетенция, технология.
**Key words:** handicraft, applied art, artistic designing, competence, technology.

Кейинги йилларда мамлакатимизда таълим тизимини такомиллаштириш, рақобатбардош кадрлар тайёрлаш бўйича кенг кўламдаги ишлар амалга оширилди. Бу ишлар қаторида умумий ўрта таълим муассасаларидаги меҳнат машғулотлари 2017-2018 – ўқув йилидан бошлаб “Технология” деб ўзгартирилди [1]. Бу ўзгариш бўйича биринчи навбатда фан дастурининг мазмуни бутунлай қайта қўрилиб, эндиликда мактаблардаги технология машғулотлари 2 та – технология ва дизайн ҳамда сервис хизмати йўналишларида олиб бориладиган бўлди. Мазкур ўқув дастурида умумий ўрта таълим мактабларида Меҳнат (технология) фанини ўқитилиши 4 та даражалар асосида белгиланди. Дастурдаги 4 та даражада ҳам ўқувчиларнинг ёш хусусиятларини эътиборга олган ҳолда уларда халқ ҳунармандчилиги ва амалий санъат бўйича турли даражадаги компетенцияларни шакллантириш кўзда тутилган. Жумладан 2-даража **А1+** меҳнат (технология) фани бўйича халқ ҳунармандчилигининг бошланғич элементлари сингдирилган турини **ўрганишнинг кучайтирилган бошланғич даражаси** бўлиб, унда халқ ҳунармандчилиги йўналишлари бўйича устоз-шогирд анъаналари ҳақида маълумотларни эгаллай олиш; содда нақш элементларини чиза олиш; ҳунармандларнинг содда иш намуналарини бажара олиш; кичик ҳажмдаги буюмларни тўқий олиш; каштачилик йўналишида содда нақш элементларидан иборат композицияларни тика олиш; ҳунармандлар фаолиятига оид маълумотларни тўплаш ва тавсифлай олиш компетнция элементлари шакллантирилади. Учинчи – А2 даражасида халқ ҳунармандчилиги турлари бўйича буюмларни лойиҳалаш; буюмларни конструкциялаш ва моделлаштириш ишларини бажара олиш; замонавий ишлаб чиқаришда халқ ҳунармандчилиги билан уйғунлаштирилган буюмларни технологик лойиҳалаш ва тайёрлай олиш; ижодий ёндашиш, креатив фикрлай олиш каби компетенциялар шакллантирилади.

**А2+ (5-9 синф) –** меҳнат (технология) фанини бирор халқ ҳунармандчилиги турини **ўрганишнинг кучайтирилган таянч даражаси** бўлиб,... халқ ҳунармандчилиги соҳалари бўйича буюмларни технологик лойиҳалаш ва тайёрлашда технологик жараёнларни қўллай олиш; хом ашёларга бадиий ишлов бериш; халқ ҳунармандчилиги билан уйғунлашган касб-ҳунарларини содда иш усулларини қўллай олиш; ўз-ўзини касбий ривожлантириш дастурларини амалга ошира олиш компетнциялари шакллантирилади.

Умумтаълим мактаблари учун “Технология” фани ўқитувучилари тайёрлайдиган олий таълим муассаса-